



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DETAY PLAN 1 MILYA DOLA POU RENOVE SWEN SANTE MANTAL KONTINYÈL ETA NEW YORK LA

Plan transfòmatif pou ogmante kapasite tretman sikyatrik pou pasyan ki entène, ranfòse kouvèti asirans ak ogmante sèvis pou pasyan ekstèn yo

Investisman yo pral kreye lojman tranzisyonèl ak sipò pou sèvi Nouyòkè ki gen maladi mantal yo; kreye responsablite sistèmik pou admisyon ak egzeyat lopital yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay sou plan konplè 1 milya dola li a pou plizyè ane pou renove swen sante mantal kontinyèl la epi diminye kantite moun ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè nan fason konsiderab nan tout eta a. Premye dekri pandan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a mwa pase a, plan an vize pou elaji dramatikman aksè ak swen sante mantal, diminye tan datant yo epi asire nivo swen apwopriye pou korije yon sistèm swen sante mantal ki soufri anba dezenvestisman kwonik.

"Sistèm swen sante mantal Eta New York la te epuize e li te soufri anpil ane mank investisman menm anvan pandemi mondyal la te vin agrave pwoblèm nan epi fè bagay yo vin pi mal", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè ki ap lite ak maladi mantal yo merite yon sistèm ki adapte epi ki reponn ak bezwen pa yo. Soti nan kreye lojman tranzisyonèl ak sipò pou rive agrandi rezo konplè sèvis pou pasyan ekstèn nou an, plan solid sa a vize bay finansman ak resous ki nesèsè pou asire tout moun nan eta nou an kapab jwenn aksè ak bon jan kalite swen sante mantal."

Plan an gen ladan 890 milyon dola nan kapital ak 120 milyon dola nan fon fonksyonman pou etabli ak opere 3,500 nouvo inite rezidansyèl pou Nouyòkè ki gen maladi mantal yo. Inite sa yo gen ladan 500 inite rezidans kominotè ki gen yon sèl chanm, ki bay lojman ak sèvis entansif pou moun ki gen maladi mantal grav ki gen plis risk pou yo nan sitiyasyon sanzabri; 900 inite tranzisyon; 600 inite apatman ki gen lisans k ap sèvi moun ki bezwen yon nivo sèvis entèmedyè.

Gen 1,500 inite lojman sipò ki finanse tou atravè alokasyon sa a, ki sèvi moun ki gen yon maladi mantal grav ki gen bezwen mwens egi men ki toujou bezwen sipò pou viv nan kominote a. Anplis de sa, plan an gen ladan 25 milyon dola nan kapital ak 7.3

milyon dola nan depans fonksyonman pou 60 inite lojman tranzisyon kominotè nan Vil New York pou sèvi ansyen moun ki pa gen lojman yo k ap tranzisyon soti nan swen pou pasyan ki entène.

Gouvènè Hochul pwopoze pou l investi 60 milyon dola nan kapital ak 121.6 milyon dola finansman fonksyonman pou elaji sèvis pou pasyan ekstèn yo yon fason konsiderab. Sa gen ladann etabli 12 nouvo pwogram ijans sikyatrik konplè ki bay swen pou kriz nan nivo lopital; triple kantite Klinik Sètifye pou Sante Konpòtmantal Kominotè nan New York, soti 13 pou rive 39, ki ofri sèvis sante mantal san randevou imedyat entegre ak pwoblèm itilizasyon sibstans pou Nouyòkè ki gen tout laj ak kondisyon asirans; kreye 42 ekip Tretman Kominotè Dinamik (Assertive Community Treatment, ACT) adisyonèl pou bay Nouyòkè ki gen plis risk yo sèvis mobil ak gwo entansite ak uit ekip Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) adisyonèl - senk nan Vil New York ak twa nan rès eta a - pou bay sansibilizasyon ak koneksyon ak sèvis pou popilasyon sanzabri yo ki gen maladi mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans; epi ogmante kapasite nan 20 klinik Atik 31 ki bay sèvis sante mantal debaz k ap sèvi Nouyòkè ki pi vilnerab yo.

Plan an gen ladan tou egzijans pou lopital yo admèt ak egzeyate pasyan yo yon fason responsab, avèk nouvo estanda konplè pou evalyasyon ak plis sipèvizyon nan nivo eta a pou asire ke nouvo pwotokòl yo ap itilize yon fason efikas. Pou asire siksè nouvo egzijans sa yo pou planifikasyon egzeyat, yon investisman 28 milyon pral kreye 50 nouvo ekip kowòdinasyon swen pou Entèkansyon nan Moman Kritik pou ede bay sèvis konplè pou pasyan ki egzeyate yo - soti nan lojman jiska sipò travay.

Anplis de sa, yon investisman 2.8 milyon pral elaji pwogram Tretman Angajman Entansif ak Soutni an pou ofri sansibilizasyon ak angajman ki baze sou kamaradri pou granmoun ki gen maladi mantal grav yo Plan an investi 3.3 milyon dola nan pwogram Plasman ak Sipò Endividyèl la ki pral asire Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) la ogmante itilizasyon modèl travay sipò sa a ki baze sou prèv pou granmoun ki gen maladi mantal yo.

Gouvènè Hochul pral avanse lejislasyon pou fèmen twou vid ki genyen nan kouvèti asirans pou sèvis sante konpòtmantal epi entèdi transpòtè yo refize aksè ak sèvis sante mantal ki nesèsè medikalman, ki gen gwo bezwen, egi ak kriz pou alafwa granmoun ak timoun yo, ki gen ladan medikaman pou maladi itilizasyon sibstans. Anplis de sa a, Gouvènè Hochul pral entwodui lejislasyon ki egzije founisè asirans komèsyal yo peye pou sèvis ki baze nan lekòl yo nan yon nivo ki egal ak pousantaj pèman Medicaid ki pi wo a, pou asire gen aksè ki apwopriye pou tout timoun.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul pwopoze pou adopte disponiblite randevou ak estanda aksè jewografik pou sèvis sante konpòtmantal yo. Sa pral mande egalite peman pou sèvis telesante sante konpòtmantal yo epi mande pou yo sèvi ak kritè ak zouti nesèsite medikal OMH deziyen yo epi otorize pwose moun ki asire yo pou vyolasyon lwa parite eta a.

Gouvènè Hochul ap pwopoze tou yon ekspansyon 20 milyon dola nan sèvis sante mantal nan lekòl yo lè li ogmante pousantaj peman Medicaid pou klinik satelit ki nan lekòl yo ak yon investisman 10 milyon dola pou elaji sèvis konplè nan lekòl yo, ki gen ladan yon investisman anyèl pou bay finansman demaraj ki nesèsè pou fè nouvo sèvis lekòl elaji yo fonksyone byen vit. Plan an gen ladan tou yon lòt 12 milyon dola pou elaji pwogram HealthySteps la ak ekip entèvansyon kriz ki baze nan kay la, ak 10 milyon dola nan sibvansyon pou pwogram prevansyon swisid ki sible jèn ki gen gwo risk yo.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la gen ladan pwopozisyon ak resous ki pral elaji, ranfòse, ak revitalize sistèm swen sante konpòtmantal eta a nan fason ki pa te posib nan ane anvan yo. Li ofri nou nouvo politik ak pwogram ki pral ogmante aksè ak lojman ak sèvis pou pasyan ekstèn ak pasyan ki entène yo epi li ba nou zouti nou bezwen pou elaji klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, diminye inegalite rasyal nan swen sante ak fèmèn twou vid ki genyen nan kouvèti asirans pou sèvis sante mantal yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou angajman istorik li pou ranfòse l swen sante mantal kontinyèl la pou tout Nouyòkè yo."

Gouvènè Hochul te diskite sou plan li pou rezoud swen sante mantal kontinyèl Eta New York la pandan yon vizit nan Kolèj Medsin Albert Einstein lan nan Sant Medikal Montefiore la. Sistèm Sante Montefiore la se youn pami sèlman kèk sistèm lopital atravè eta a ki te kontinye opere tout kabann sikyatrik li yo pandan ijans sante piblik COVID-19 la.

Eta New York te pèmèt lopital sa yo pran desizyon operasyonèl pandan ijans sante piblik la ki te lakòz anpil nan yo fèmèn kabann sikyatrik pou pasyan ki entène yo pou jere demann pou kabann medikal/chirijikal yo. Apeprè 850 nan kabann sa yo, ki gen ladan 450 nan Vil New York, rete fèmèn jodi a, malgre ekspirasyon ijans sante piblik eta a an 2021 ak demann k ap grandi pou sèvis sikyatrik pou pasyan ki entène yo.

Nouvo lejislasyon an ap pèmèt Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) eta a pou bay lopital kominotè yo amand Atik 28 la jiska 2,000 dola pou chak vyolasyon pa jou si yo pa respekte kantite kabann lopital psikyatrik ki nan sètifika operasyon yo. Plan Gouvènè Hochul la bay tou 18 milyon dola kapital ak 30 milyon dola fon fonksyònman pou elaji kabann sikyatrik pou pasyan ki entène yo, tankou ouvri 150 nouvo kabann pou granmoun nan lopital sikyatrik ke eta opere, sa ki reprezante pi gwo ekspansyon nan etablisman sa yo depi plizyè deseni.

Plan Gouvènè Hochul la bay yon lòt 60 milyon dola pou sipòte Liy Sekou kont Swisid ak Kriz 988 la (988 Suicide and Crisis Lifeline) - yon ogmantasyon 25 milyon dola pa rapò ak bidjè anvan an. Pou sipòte mendèv la, plan an bay 5 milyon dola pou Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Loan Repayment Program) ki nan Biwo Sante Mantal la, sa ki elaji kalifikasyon pou pwogram nan pou l enkli pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans epi li apiye sou 9 milyon dola ki enkli pou sikyat ak pratikan enfimye sikyatrik yo lè pwogram te lanse an 2023.

Gouvènè a pral prezante lejislasyon pou kreye yon kalifikasyon Asosye Sante Mantal Kalifye (Qualified Mental Health Associate), ki pral bay yon nivo karyè ak fòmasyon adisyonèl pou parapwofesyonèl sante mantal yo, sa k ap pèmèt yo travay plis endepandan epi amelyore kalite ak aksè ak swen nan anviwònman OMH finanse ak lisansye yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te pwopoze 2.5 pousan ajisteman kou lavi a, sa ki make dezyèm ane li te enkli yon COLA nan bidjè li a epi ki montre angajman li pou ogmante sipò pou pwogram enpòtan sa yo ak travayè yo.

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Pwopozisyon bidjè Gouvènè a pou sante mantal reflekte yon seri gravite ki la depi lontan ki nan menm nivo ak pwoblèm lan poukont li. Ogmantasyon konsiderab nan depans apati 2023 ta dwe pwodui yon vag rezilta pozitif pou pwoblèm ijyèn mantal ak abi sibstans ensepaparab yo. Nou ankouraje m pou m wè Gouvènè Hochul franchi etap sa a. Pou kontinye fè yon diferans nan lavni, nou bezwen kowòdinasyon entègouvènmantal ant ofisyèl vil, eta, ak federal yo ansanm ak plis finansman atravè plizyè ajans kote sante mantal ak abi dwòg kowenside."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "Pandan twò lontan, yo te refize moun ki pi vilnerab New York yo sèvis mantal, emosyonèl, ak fizik konplè solid yo merite ak bezwen dezespereman pou yo pwospere. Nou rekonesan pou plan transfòmasyon Gouvènè Hochul la k ap chèche chanje sa a l li ogmante kapasite pou tretman sikyatrik pou pasyan ki entène pa 1,000 kabann, pandan y ap ajoute inite lojman ak etabli yon sistèm responsablite nan swen pasyan yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan abòde yon pwoblèm ki pral travay pou ranfòse ak pote gerizon pou anpil moun ki te soufri atravè kominote nou yo."

Manm Konsèy Marjorie Velázquez, te deklare, "Sante mantal kontinye ap yon kriz sante piblik, epi investisman Gouvènè Hochul fè pou redui kriz sa a pral amelyore lavi moun yon fason konsiderab ak kominote nou an antye. Nouyòkè yo, enkli elèv nou yo, merite aksè ak swen sante mantal, san yo pa oblije fè fas ak baryè finansye. Nou kapab epi nou pral adrese kriz la tèt pou tèt epi idantifye solisyon ki pral vrèman benefisyè kominote nou yo ak vil nou an."

Direktris Egzekitif Unique People Services la, Yvette Brissett-André, te deklare, "Gouvènè Hochul te bay yon plan reyèl pou lavni ki sipòte travay ki sove lavi ki fèt pa òganizasyon k ap sèvi bezwen Nouyòkè vilnerab yo. Investisman li nan sèvis kominotè ak lojman sipò pral ede anpil timoun, granmoun ak fanmi reyalize tout potansyèl yo ak pwospere nan kominote yo rele lakay yo."

Prezidan Sant Medikal Montifiore la, Doktè Philip Ozuah, te deklare, "Nan premye diskou li kòm Gouvènè, Kathy Hochul te pwomèt pou l vin yon defansè ak yon avoka pou tout Nouyòkè yo. Propozisyon bidjè li a, ak angajman li pou 1 milya dola pou abòde defi sante mantal yo respekte pwomès sa a. Mwen rekonesan dèske li te chwazi revele plan li isit la nan Montefiore/Einstein ak pou rekonesans li te montre anvè kominote nou an."

Glenn Liebman, Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Sante Mantal nan Eta New York (Mental Health Association of New York State, MHANYS) te deklare,

"Gouvènè Hochul ak Komisè Sullivan te kreye yon vizyon solid sou sante mantal pou lavni ki gen ladan lojman, sante mantal pou jèn yo ak egalite asirans. Nou sipòte anpil angajman sa a pou ranfòse ak transfòme sistèm swen sante mantal la epi n ap kontinye travay avèk Gouvènè a ak Lejislati a sou priorite nou yo pandan pwosesis bidjè a ap kontinye."

Direktè Egzekitif Pwovizwa NAMI-NYS Sharon Horton, te deklare, "NAMI-NYS bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li fè sante mantal vin alafwa yon vrè priorite nan pwopozisyon bidjè li a ak paske li diskite sou fason pwoblèm sante mantal te afekte fanmi li yon fason negatif nan diskou sou sityasyon bidjè li a. NAMI-NYS remèsye Gouvènè a paske li avanse mezi ki alinye ak prensipal priorite defans nou an, li bezwen elaji aksè ak sipò ak sèvis sante mantal epi adopte rekòmandasyon NAMI-NYS ap fè depi plis pase yon deseni. Plan Gouvènè a vize ogmante avèk fèm konviksyon aksè pou tout moun k ap travèse gwo evantay maladi sikyatrik la lè li finanse alafwa sèvis pou moun ki entène ak sèvis ki baze nan kominote a. Nou ankouraje tou pou nou wè Gouvènè a vize amelyore pratik admisyon ak egzeyat lopital ke NAMI-NYS te kritike depi lontan, epi tou adrese mank egalite asirans ki anpeche moun jwenn aksè ak sèvis yo ak elaji sèvis sante mantal pou Timoun New York yo."

Ralph Fasano, Direktè Egzekitif Concern for Independent Living, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè a pou plan konplè li pou sipòte moun k ap viv ak maladi mantal, epi asire yo resevwa sèvis yo bezwen atravè tout swen kontinyèl la. Inisyativ li yo pral ede redui re-admisyon nan lopital lè yo bay moun asistans ki nesèsè yo yon fwa yo egzeyate yo, epi pandan yo prale nan sèvis ki baze nan kominote a epi finalman lojman sipò pèmanan."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Institute for Community Living Ian, Jody Rudin, te deklare, "Plan Gouvènè Hochul a envesti nan bon kote, otou kontinuite pwogram ki baze sou prèv yo, soti nan prevansyon rive nan pèmanans. Li ogmante finansman yon fason entèlijan pou sèvis sante mantal jèn yo, pwogram tankou ACT, SOS ak CTI ki sipòte ka ki pi difisil pou trete yo, ak pou plis lojman ak sèvis konplè, ki se pi bon preskripsyon yon doktè ka ekri. Li se yon plan transfòmasyonèl ki gen pouvwa pou fè nou soti nan yon sistèm fragman pou pase nan yon sistèm konplè lè li apiye sou pwogram kominotè, ki pran an konsiderasyon twomatiz ki ede moun yo vin pi bon."

Prezidan ak Direktè Jeneral Sante Emosyonèl Vibran, Kimberly A. Williams. te deklare, "Nou kontan anpil pou nou wè konsantrasyon sou finansman sante mantal nan Bidjè Eta Gouvènè Hochul la, Eta New York se yon lidè nan anpil zòn atravè nasyon an, epi nivo finansman san parèy sa a pou sèvis sante mantal se yon lòt egzanp de sa. Antanke yon òganizasyon san bi likratif sante mantal ki baze nan New York ki gen yon anprent nasyonal, nou espere ke kalite ekspansyon finansman sa a kapab nòmal epi nou pral kontinye defann pou sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418